## 13. OELAH TJALANGAP.

Roesdi boga batoer sakelas, ngaranna si Tahir. Ari di sakola mindeng pisan manèhna koe Goeroena digeunggeureuhkeun, oelah sok tjalangap. Pèng sok digeunggeureuhkeun kitoe, mèh salawasna si Tahir mah soengoetna tara baloem². Soemawonna lamoen aja perkara noe pikageuleueun atawa pikiraneun, matana molotot teu ngitjeup², soengoetna molongo tara deukeun balem.

Hidji poè, keur waktoe diadjar, oedjeug² boes baè aja laleur asoep kana soengoet noe tjalangap tèh. Koe si Tahir boeroe² dibatoekkeun, diohèk-ohèkkeun, tapi laleurna



ongkoh-ongkoh baè asoep kana tikorona teroes kana beuteungna.

Koe batoerna sahangkoe katèndjoeun pisan keleperna èta laleur tèh sarta sidik atjan bidjil deui tina soengoet si Tahir.

Batoer-batoerna sakelas ger saleuseurian nendjoeeun pipolahanana si Tahir, ohèk-ohèk bari mentjètan tikoro.

Goeroena njampeurkeun bari nanja: „Aja naon, aja naon?"

Koe baroer-batoerna ditjaritakeun jèn aja laleur asoep kana soengoet Tahir.

„Ijeu gegerepekan kènèh di djero benteung, noen," omong Tahir.

„Keun baè," saoer Goeroena, „ari geus asoep kana benteung mah, da hèsè dibidjilkeunana. Kakara bisa beunang lemoen benteungna dibedèl. Djeung keun baè ambèh linroen ongkoh, toeh kawas si Roesdi. Ari si Roesdi gemboel barang bakan, ari silaing benteunga dieusian laleur."

Si Tahir reuwaseun pisan, pèdah aja laleur kaceureuj tèh, ngomongna dareuda, oengsrak-ingsreuk rèk tjeurik.

Saoer Goeroena: „Keun, ongkè ogè dina djero benteung silaing tangtoe paèh, mowal enja hiroep baè."

Teu lila obèk-obèk deui si Tahir batoek; bareng ditjidoeähkeun bèh baè laleurna bidjil deui katjidoehkeun.

Si Tahir atoheun naker nèndjo laleurna bidjil deui. Boro tadi mah geus reuwaseun pisan, sieuneun laleurna toeloej matoeh di djero benteungna.

„Koemaha ari geus kitoe, Tahir? Silaing kapok? Mowal tjalangap-tjalangap deui?" saoer Goeroena.

„Mowal, noen," tèmbal Tahir.

„Soekoer ari kapok mah," saoer Goeroena, „sabab saperkara goreng roepana djalma tjalangap baè tèh, kadoewana bisi diasoepan deui laleur kawas bijeu, da maroekanana sajangna."

---

## 14. DONGÈNG EMA.

Dina hidji peuting amboe Roesdi dijoek di tengah imah, bari njaliksikan si Mimeoe ngedong di gigireunana.

Si Roesdi gawèna ngan ngelek baè heuaj.

„Hih, si Gembroe, gawè tèh ngan heuaj baè, da teu kèrdjo," tjèk indoengna.

„Moen ema atoeh ngadongèng-dongèng, ambèh teu noondoetan," tjèk Roesdi.

„Hèg atoeh, dèngèkeun!"

„Djaman baheula aja doea boedak pahatoe, lantjeukna lalaki, ari adina awèwè. Ari imahna deukeut hidji leu-



weung nu loba tangkal boeboewahan nu ngareunah, kajaning: peri, koepa, hoeni, hanggasa, pining djeung salijanna.

Dina hidji mangsa, baroedak tèh rèk ngala boewah koepa ka leuweung. Barang datang ka leuweung tjèk lantjeukna: „Njai akang arèk ngala boeboewahan, koe Njai poeloengan."

„Heug akang," tjèk adina.

Tèrèkèl boedak tèh naèk. Barang keur djongdjon

ngala koepa, lèjor aja oraj santja, njampeerkeun adina anoe keur dijoek njanghoendjar lambar, njarandè kana tjatang.

Gep ngègèl oraj tèh kana soekoena. Boedak tèh hariring ngawih:

„'Kang toeloengan, 'kang toeloengan!
Aja noe gagarajaman
'kana bitis djeung ngègèlan.
Tjing geuwat koering toeloengan."

„Oesap baè, Njai, meureun sireum," tjèk lantjeukna. Boedak awèwè tèh, sapandjang bisa kènèh ngomong mah, teu eureun² ngawih mènta toeloeng.

Tapi koe lantjeukna teu ditolih, maroekanana sireum baè. Toengtoengna leg baè boedak tèh ditangtoeng boeleud, sarta orajna toeloej asoep ka djero leuwi.

Lantjeukna reuwaseun naker, sabab adina rèpèh baè teu ketjèt². Toeloej toeroen. Barang datang ka handap, manèhna kagèteun pisan sarta ngira, jèn adina dihakan oraj. Toeloej disoesoel tapak oraj tèh. Kabeneran, barang nepi ka hidji tempat, orajna kapanggih keur goeiar gueling baè, teu bisaeun indit. Boedak lalaki ngad manoek haoer disada, pokna: „Tjoekrik, tjoekr koe poetjoek eurih." Boedak lalaki tèh poetjoek eurih sarta beuteung oraj tèh d Gorèhèl adina kapanggih ti djero toeloej dibawa balik. Barang dat tengah imah sarta toeloej digeber

„Geber² bibi hihid [illegible]ng k titinggal nini

Kerenjed soekoe boedak awèwè tèh oesik. Pok deui lantjeukna ngawih.

Kerenjed deui awakna oesik; kitoe baè satoeloejna, nepi ka hiroepna deui boedak awèwè tèh.

Gebmeg diroentok koe lantjeukna bari ditjijoeman, tina soekana, sarta omongna: „Njai, tina manèh geus salamet deui, akang bogä pakaoelan, rèk lalajaran di leuweung Tjipatahoenan."

## 15. TOELOEJNA.

Sabot emena keur ngadangèng kitoe, baroedak tèh rèpèh, taja noe ngomong saketjap-ketjap atjan. Amboe Roesdi sot ngalèpotkeun leungeunna tina sirah si Misnem, maroekanana geus sararè.

„Hejah, ewa rèk ka mana? Hempèk toeloejkeun, da koering 'gè 'tjan hèès," tjèk Misnem.

„Enja baè, 'Ma, da koering 'gè ngadèngèkeun," tjèk Roesdi, bari ngagisik panon. „Keur lebah ngala koepa, nja 'Ma, bijeu tèh."

„Dèngèkeun atoeh, sija mah, da ngan hèès baè.

... eggeus kitoe, isoekna toeloej èta boedak tèh ajéeun

weung noe jot kèpèh rakitna anggeus sarta toeloej dipakè kajaning: pari, ko... loewueu di Tjipatahoenan.

salijoeua. ...wè èta aja hidji radja eukour boe-

Dina hidji mangsa, ...putang-pamatangna djeung baled[a]. koepa ka leuweung. Bar... noe lalajaran tèje, si Lèngsèr lantjeukna: „Njai akang ae... Radja, jèn aja boedak awèwè poeloengan." ...kit.

„Hèng akang," tjèk udin... ama, ... timbalan Radja.

Toeloej boedak tèh na... tèh dihaserdijan, datang ka

maotna, toeloej bangkèna dialoengkeun ka djero leuwi.

Ari adina lenggerek baé kapaèhan; koe Radja toeloej ditjandak moelih, kersana rèk diangkeu poetra.

Barang soemping ka karaton, boedak tèh inget deui."

„Naon ema karaton?" tjèk Misnem.

„Boemi Radja," tèrabel emana.

„Koe Radja boedak tèh toeloej dipariksa, ti mana



oesoel-asalna, saha nja indoeng bapa djeung saha lalaki noe tadi teja.

Djawabna: „Noen goesti, abdi tèh parantos teu indoeng teu bapa.

Doepi ti rorompok, 'moeng doewaan baé sareng poen Lantjeuk noe dipaèhan tadi di leuwi teja."

Barang Radja ngadangoe pioendjoek boedak awèwè kitoe, andjeunna kandjakaleun pisan, toeloej nimbalan ka si Lèngsèr:

„Lèngsèr, ejeuna sija indit ka aloen², takol bendè,

bèdjakeun ka djalma², jèn minggoe hareup oerang marak leuwi Tjipatahoenan, tapi lain ngala laoekna, saha² noe manggih toelang koedoe dikoempoelkeun."

Si Lengsër njembah, toeloej indit, ngemban timbalan radja.

Dina poè Djoemaah, leuwi tèh dipèngkong. Toeloej sakoer toelang noe kapanggih, dikoempoelkeun sarta di-sanggakeun ka Kangdjeng Radja.

Boedak awewe toeloej njokot hihid. Toelang² noe meunang ngoempoelkeun tèa dipeheran koe manèhna bari ngawih:

„Geber² hihid aing,
hihid aing kahoejanan,
ditinggal mati awaking."

Kitoe baè ngawihna nepi ka toedjoeh kali. Toelang tèh oedjoeg² djleg baè djadi deui djalma sarta hiroep. Barang rèt hèndjo ka adina, gabroeg silih rangkoel, silih tjijoem. Sanggeus kitoe Radja moedik ti pamarakan, boedak noe doewaan tèa ditjandak ka nagara sarta diangkèn poetra."

„Eh! bagdja, nja ema!" tjèk Misnem. „Lamoen koering atoeh noe kitoe tèh djeung akang, nja!"

„Koemaha, da pahatoe èta mah," tèmbal indoengna.

„Aèh, bit lètang, emboeng, 'Ma! Engkè koering mowal aja noe mangdongèngkeun deui djeung keueung meureun," tjèk Misnem.

## 16. KALAPA.

Barèto geus ditjaritakeun, jèn sakoeriling imah Roesdi rèja pisan tangkal boeboewahan noe galedè hasilna. Di antara èta tatangkalan, tangkal kalapa anoe pangpangna. Noe matak dirèjaan melakna, sabab pikiranana 'Pa Roesdi tangkal noe sèdjèn boewahanana oesoem-oesoeman; pang-mindeng-mindengna sataoen sakali. Demi kalapa boewahna majeng oenggal boelan, tina hidji tangkal bisa kaala rata-ratana lima siki; djadi tina saratoes tangkal aja lima ratoes siki. Mangkaning kalapa 'Pa Roesdi mah leuwih ti saratoes tangkal djeung boewahna laleubeut, da hadè pijara.



Demi waktoe-waktoe ijeu mahal katjida hargana kalapa tèh. Oepama diitoeng tjopèlna baè, sasiki tiloe sèn, tina lima ratoes siki geus lima welas roepija hasilna 'Pa Roesdi dina saboelan.

Anoe geus bijasa di oerang, kalapa tèh ngan dikeletik djeung dipakè olah baè. Di dajeuh rèrèjana lain dikeletik,

tapi dibaroesik diarah kalapana, dipowè-powèkeun didjijeun kopra. Dimana geus rèja koprana, dikirimkeun ka nagara sèdjèn, babakoena ka Eropa. Di ditoe didjijeun mantèga djeung didjijeun saboen.

Tapasna djeung batokna koe oerang kampoeng taja deui gawèna ngan dipakè soeloeh, tapi ari saenja-enjana mah rèja deui pigawèeunana.

Oepama oerang njaba ka Bandoeng, pèk laladjo ka sakola loleng, geuning lain dipakè soeloeh di dinja mah, didjeundjeut, toeloej dinentoej didjijeunan tambang, didjijeun kèkèsèd djeung eja ogè noe didjieun saroepa alketip.

Tah sakitoe hasil tina boewahna tèh.

Djaba ti dinja rèja deui hasil noe diarah tina kalapa. Koe djalma noe radjin barangbang anoe ragrag sok ditaradau njèrèna, didjijeun sapoe atawa pangoebek adoenan koewèh; palapahna dipotongan, toeloej dipasian didjijeun soeloeh. Di mana diberesihan diloehoerna, sintoengna djeung saloeampitna ogè kaerah, dipakè soeloeh.

Kalapa anoe teu boewahan deui ditoewar, tangkalna dipakè dangdanan imah; kakoewatanana saroewa bae djeung kai-kai noe sèdjèn, noe kaseboet kai aloes tèja.

Kahasilan kalapa sakitoe rèjana tèh Hoesdi mah teu njahoeun, maroekanana ngan diarah doewegunana baè, da sanggana heukieun naker kana doewegan tèh. Lamoen diantep, sina mèjakkeun, tiloe siki baè mah, koetap kètap kènèh.

Tapi ajeuna, barang manèhna geus matja boekoe-boekoe, kakara njahoeun, jèn kalapa tèh sakitoe goenana, sarta ti waktoe harita tara deui-deui ngalaan doewegan, njara ka toekang-toekang.

## 17. SI PINTJANG DIMANDIAN.

Moesim halodo djeung ngidjih, geus tangtoe ganggal taoen koe oerang kasorang. Demi toeroenna hoedjan djeung halodo saenja-enjana aja ogè waktoena.

Sakapeung mah, oepama oesoem halodo, moenggah minggoean teu toeroen hoedjan, tampolana nepi ka moelanan. Balong2 loba noe saraat, waloengan2 aroerat; djelema2 pada saroesah, taja tjai keur njèbor pepelakanana.

Tapi oepama dina waktoena ngidjih mah, hoedjan sorè isoek taja eureunna, nepi ka waloengan2 tjaah gedè, malah sok malak ngaroeksak kana pakaja noe aja di sisina.

Baris noelak oelah hoedjan teuing, tjeuk oerang kampoeng, aja tarèkahna, nja èta koedoe disarang. Sabalikna ti èta aja deui tarèkahna noe sèdjèn, lamoen hajang toeroen hoedjan koedoe ngamandian oetjing.

Dina hidji mangsa di kampoeng Roesdi, sababaraha boelan teu toeroen2 hoedjan, pepelakan rèja noe paraèh, soemoer2 saraat. Beurang peuting, oerang dinja ngan panas hareudang baè salawasna. Djelema2 geus tingparadoeh baè koe panas sarta teu petot2 ngarep2 hoedjan.

Hidji powè kolot2 karoempoel di balè dèsa, bapa Roesdi ogè aja di dinja. Noe ditjaritakeun taja lian, ngan hajang boeroe2 toeroen hoedjan, tina teu kataban koe halodo. Kolot2 kabèh pada baridjil hodjah, ngahidjian tarèkah neneda, soepaja tèreh toeroen hoedjan. Babakoena tarèkah noe geus bijasa kalampahkeun, nja sok ngamandian oetjing tèa.

„Seug atoeh oerang boeroe2 baè lampahkeun," omong 'Pa Roesdi, „isoekan, isoek2, oerang iring-iringan ngamandian oetjing si Roesdi."